

# *«Си бзэ – си псэ, си дуней!»*

***республиканскэ зэпеуэм хэта***

***Псыкуэд курыт еджапIэм***

***и  9- нэ классым адыгэ литературэмкIэ***

***щекIуэкIа урок зэIуха***

# Темэр: "Гъащ1эми къежьап1э"

***ЕзыгъэкIуэкIар***

***Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ***

***егъэджакIуэ***

***Тэнащ Маринэ***

***2026.***

**Темэ: «Гъащ1эм и къежьап1э»**

**Мурадыр**: 1)Ди тхак1уэхэм я творчествэм анэм и образыр къызэрыщагъэлъагъуамк1э ящ1эм хэгъэхъуэн.

2) Я еджэк1эм, я бзэм зегъэужьын.

3) Усэбзэм и дахагъым дегъэхьэхын, усэм зэхэщ1эгъуэу къеджэу гъэсэн.

4) Ц1ыхубзым, анэм, пщ1э, гулъытэ хуащ1у гъэсэн.

5) Адыгэбзэ дерсхэм щагъуэта щ1эныгъэр литературэ дерсхэм щегъэбыдыл1эн. (псалъэ лъэпкъыгъуэхэр.лексикэм теухуауэ яджахэр, псалъэухам и пкъчгъуэхэр)

**Къэгъэсэбэпыпхъэхэр**:

1. Компьютер
2. Тхак1уэхэм я сурэтхэр
3. Урокым ехьэл1а тхылъ выставкэ
4. Еджак1уэхэм я сочиненэхэр

**Урокыр зэрек1уэк1ыр**:

1. Макъамэ къоуэ, сабийхэр къыщ1охьэ.
2. Хэзышэ псалъэ

**Егъэджак1уэм**:

Нобэ дэ ди еджап1эм « Си бзэ- си псэ, си дуней!»

фестивалыр щок1уэк1. Ди гуф1эгъуэ махуэм ди еджап1эм хьэщ1эхэр къытхуеблэгъащ. Ди хьэщ1эхэм сэлам едвгъэх.

Нобэ дэ 1уэху дахэ, щхьэпэ къетхьэжьащ, мыпхуэдэ зэхуэсхэм на1уэ къыщохъу ц1ыхухэм я бзэм, я анэдэлъхубзэм хуа1э ф1ылъагъуныгъэр. «Лъэпкъыр зыгъэлъэпкъыр и бзэрщ.» Бзэр псэумэ-лъэпкъри мэпсэу. Аращи, фэри фхузэф1эк1ыр хэфлъхьэ мы нобэрей 1уэху щхьэпэм.

Нобэрей ди дерсыр зытеухуауэ щытынур фэ езыхэм къыджеф1энщ иджыпсту флъагъунум теухуауэ.

(Агънокъуэ Лашэ и сурэт, абы ц1ыхубзым техуауэ итха усэр щ1ыгъуу къредзэ)

**«Ц1ыхубзыр дунейм и дыгъэщ»**

Ц1ыхубзыр дунейм и дыгъэщ,

Ц1ыхубзыр дунейм и жылэщ.

Фызмэ – гъащ1э гукъинэщ.

Анэмэ – дунейм и жылэщ.

**Еджак1уэм:** Гуры1уэгъуэщ, нобэ ди дерсыр зытеухуар -анэрщ.

**Егъэджак1уэм:** Пэжщ, дэтхэнэ зы ц1ыхуми и гъащ1э гъуэгум и къежьап1эу щыт анэрщ нобэ дызытепсэлъыхьынур.

а) Фэ унэ лэжьыгъэу фи1ащ анэм теухуауэ сочиненэ фтхыну. А 1уэхур нэхъ къызэхъул1ахэм ящыщ 1-2-м я сочиненэхэм щыщ пычыгъуэхэм дедэ1уэнщ.

(Макъамэр щэхуу къоуэ, пычыгъуэхэм еджак1уэхэр къоджэ).

б)Тетрадым идотхэ мы псалъэжьыр ик1и пкъыгъуэк1э зэпкърыдох:

Анэр нэм хуэдэщ.

в) Сочиненэхэм нэмыщ1, дэ нобэрей ди дерсым анэм теухуауэ усэхэр, псалъэжьхэр, ц1ыхубзым, анэм пщ1э зэрыхузщ1ын хуейм ехьэл1а хабзэхэр къэтщ1эжын, дгъэхьэзырын хуейуэ къалэн ди1ащ.

**Псалъэ идот Гъажэ Даринэ.**

**Егъэджак1уэм: Нобэрей дерсым дэ гупит1у дыщылэжьэнущ,гупхэм ди зэф1эк1хэр дерсым и к1эм къыщытпщытэнущ.Мы фызэдэ1уэну**

**усэхэм анэм ехьэл1ауэ тхак1уэхэм къагъэсэбэпа псалъэхэр къыхэфтхык1ынущ.фэ фи псалъэхэри ш1ывгъужынущ.**

Щоджэнц1ык1у 1эдэм

**«Анэм и гур»**

Бжьыхьэк1э жэщу гуауэ 1элъэщ1ыр
Иреуфэк1ри и нэк1ущхьит1ым,
Хуте1ыгъэжкъым анэм гурыщ1эр
Хуогу1э зауэм щыхэщ1а къуит1ым.

Зауэр ф1эк1ауэ мамыру щытми,
Ф1эгузэвэгъуэщ дунейр а анэм,
Гурыгъу 1элъэщ1ыр ф1ыщ1эу щхьэщытми,
Щогугъ нэхъыф1к1э гъащ1э нэхунэм.

Игъэва гуауэм и нэпс жэбзамк1э
Игъэкъэбзащ гурыгъу 1элъэщ1ыр
Анэгу хьэлэлыр хэщ1ыжкъым узк1э,
Нэхъ нэхуи хуаби зыщещ1 гурыщ1эр.

Гу нэхущи анэр и хьэлэлагък1э,
Нэхъ гуауэ к1ыф1ми ток1уэ гуапагък1э.

**Егъэджак1уэм:** Едэ1уахэм анэм ехьэл1ауэ тхак1уэм къигъэсэбэпа псалъэхэр литературэ тетрадым ифтхэ, фэ иджыри сыт хуэдэ псалъэхэмк1э пыфщэнт?

(Хьэлэл, гузэвэх, гу къабзэ, гуапэ, гуак1уэ, емызэш, быныр ф1ыуэ зылъагъу, чэнджэщэгъу пэж, гъащ1э гъуэгугъэлъагъуэ, щыуагъэхэм ублэзыш, 1эф1у пщаф1э, зэик1 1ейм ухуэзымыгъэзэн..)

**Егъэджак1уэм:** Сыт хуэдэ псалъэжьхэр фигу къэк1ыжрэ?

(Анэ зимы1эм гу1эр и махуэщ. Анэм и щапхъэр пхъум и бзыпхъэщ.)

**Егъэджак1уэм:** Адэк1э псалъэ идот Щоджэн Данэ.

Жырк1агуэ Фэтихь

**«Анэм и макъыр»**

Анэм и макъыр къыщызэубзэк1э

Къысф1ощ1 си хэкур къэзгъуэтыжа,

Жысмы1эфыни анэдэлъхубзэмк1э

Къысщохъур зыри къэмынэжа.

Анэм и макъыр къыщызэубзэк1э,

Бзухэм я усэр сф1ощ1 ефэгъуэк1,

Гъащ1э, зыгуэрк1э укъысхуэупсэмэ,

Анэм и макъым сыпумыгъэк1.

**Егъэджак1уэм:** Берычэт Бесын.

Анэм и гъуапэр пхъум и джанэщ.

(ц1ыхубзым ехьэл1а хабзэхэр дигу къэдгъэк1ыжынщ)

-Дауэ къывгуры1уэрэ псалъэжьым къик1ыр?

**Егъэджак1уэм:** Адэк1э псалъэ идот Едгъул Амур.

Къалмыкъ Беслъэн

**«Си анэ»**

Къысхуэгъэгъу, си анэ,

Сэ гугъу уезгъэхьащ

Къысхуэгъэгъу, си анэ,

Псэк1э уэ суп1ащ.

Нап1э зэтумылъхьэу

Жэщхэр уэзгъэхьащ.

Уи 1эр жьэм хуумыхьу

Махуэ куэд бгъэк1уащ.

Иджы зыгъэпсэху, си анэ,

Уи щ1алэр л1ыпхъэ хъуащ.

Зыщыгъэгъупщэж гукъеуэр

Ирикъун бгъэващ.

Ауэ си анэ лъап1э,

Уи ф1ыщ1эу сэ стелъыр

Куэдщи – лъытэгъуейщ

Уи нэф1 къысщымыхуэм сэрк1э пшыныгъуейщ.

**Егъэджак1уэм:** Сыт мы усэм дызыхуигъасэр, дызыхуиущийр?

**Еджак1уэхэм:** Адэ-анэм я гуэныхь куэд дэтхэнэ ц1ыхуми телъщ. Адэ-анэр къыпхуэмыарэзымэ, зэик1 уи 1уэхур ф1ы хъунукъым.

Анэ гулъытэр лъытэгъуейщ. (ц1ыхубзхэм ехьэл1ауэ зыхабзэ дигу къэдгъэк1ыжынщ).

**Егъэджак1уэм:** Адэк1э псалъэ идот Жылэтэж М.

Кулиев Къ.

## «Анэ»

Сэр папщ1э жеиншэу

Нэху куэд уэ бгъэщт.

Ц1э леихэр бжыгъэншэу

Уахэдэу къысф1эпщт.

Уи макъыр сэ си псэт

Сигу хуабэ къысхуищ1т

Окопэм сыщисми,

Зэхэсхыу къысф1эщ1т.

Уи нэк1ум нэхъ гуак1уи

Слъэгъуакъым зым ей

Уи шхынхэм нэхъ 1эф1и

Ехакъым си джий

Уи 1ит1у си цейхэр зыдыжу щытам

Хуэдэ1э дунейм – т1э

Сэ сщ1эркъым тетау.

Анэгур дыгъэм нэхърэ нэхъ хуабэщ.

(зы хабзэ дигу къэдгъэк1ыжынщ)

**Егъэджак1уэм:** Псалъэ еттынщ Мэремыкъуэ Каринэ.

Гъубж Мухьэдин

## «Анэ»

Жэщи махуи

Тетщ уи нэ1э

Тумыгъэк1ыу

Быным,анэ

Псэ тыншыгъуэ

Уэ уимы1э

Плъагъухунк1э

Ар бынунэу!

Гущэм тету,

Лъапэр,анэм

Епхьэк1акъым

Уэ жэщ мащ1э

Абы щхьэк1э

Зэ гукъанэ

Уэ умыщ1у

Уогумащ1э!

Быным папщ1э

Пщ1эр пф1эмащ1эу,

Гъащ1э гъуэгум

Зыщогъазэ,

Уигу хуэмыгъуэу

Уедэхащ1эу,

Ухуохъу быным

Дыгъэ мазэ!

Ф1эсабийуэ

Быным, анэ

Балигъ хъуами,

Уобзэрабзэ.

Къытехъуакъым

Щ1ыгум, анэ,

Зыри пхуэдэ,

Нэхъ гу къабзэ!

Т1ысыжами

Быныр унэу,

Ар сабийуэ

Уэ къолъытэр.

Умылъагъумэ,

Уигу зэф1энэу.

Уи псэм япэу

Къыболъытэр!

Уэ уи быным

И быныжым

Папщ1э, анэ

Уогумащ1э

Уеплъыху ахэм

Гукъыдэжым

Хэхъуэу уохьыр

Уэ уи гъащ1эр!

Гумащ1агъэу

Анэм пхэлъыр,

Зи1э псоми

Гу зыхащ1э

Щ1ыгум, уэгум

Я фэеплъыр

Уэращ, анэ,

Ину ф1ыщ1э!

**Егъэджак1уэм:** Берычэт Бесын. Сыт хуэдэ псалъэхэр къигъэсэбэпа тхак1уэм анэм ехьэл1ауэ? Литературэ тетрадым идотхэ:Антитезэу(антонимхэу) хэтхэр къыхэфтхык1.

Анэ гурыщ1эм лъащ1э и1экъым.

(Ц1ыхубзхэм ехьэл1ауэ зы хабзэ хэт дигу къигъэк1ыжын?)

**Егъэджак1уэм:** Адэк1э псалъэ идот Махъсидэ Альбинэ.

Бицу А. «Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ» (и сурэт къредзэ)

Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,

Ухэтми дэпым – къызэщ1эувы1ык1.

Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,

Ажалу щытми къоджэр – къызэплъэк1.

Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,

Сэр никъуэкъихмэ – самп1эм ар илъхьэж.

Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,

Фочышэ бут1ыпщам къегъэгъэж…

Маф1эс, къурш лъалъэ, дунейр зыхьыж псыдзэ

Щымы1э си анэ сэ сызубыдын,

Щызэхэсхэм къыбжьэдэк1ауэ си ц1э

Ар схулъэк1ынщ сэ, сэ – уэ сурибынщ!

Ауэ сыныщожал1эм щтэ1эщтаблэу

Дапщэщи хуэдэу къызже1э къудей:

«Сигу укъэк1ауэ арат, т1эк1у, си т1асэ»

Гуф1эгъуэм си псэр хэтк1ухьынщ абдей.

Хьэуэ, семыжьэ 1ей, тхьэм имыухк1э.

Къэхъуну яужь дыдэу сыщебджэж!

Ауэ ит1ани зызогъэ1ущыж:

Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,

И пащхьэм, псынщ1эу нэси, сыну щыж!

**Егъэджак1уэм:** Берычэт Бесын. Сыт хуэдэ псалъэхэр къигъэсэбэпа тхак1уэм анэм хуэгъэзауэ?

**Нало 3. « Анэ »**

**Егъэджак1уэм:** Сыт хуэдэ гупсысэхэр фи гущ1эм къыщигъэуша мы усэм?

**Егъэджак1уэм:** Адэк1э псалъэ идот Гъажэ Даринэ.

## «Псалъэ жагъуэ».

Зэгуэрым семыгупсысу

Зы псалъэ къызжьэдэк1ат.

Ар мамэ и гущ1эм нэсри,

И нэпсыр къыщ1игъэк1ат.

К1иякъым мамэ. Схуэшхыдэу,

Зы псалъи къызжимы1ат.

И 1элъэщ1 к1апэм щэху дыдэу

И нэпсыр к1уэц1игъэпщк1уат.

А нап1эзып1эм си псалъэм

Сык1элъыпхъуэнут, слъэк1ам.

Ауэ, шэм хуэдэкъэ псалъэр,

Къимыгъэзэж п1эщ1эк1ам.

Сымыщ1эу сщ1эныр сыхэплъэу

Сэ махуэ псор есхьэк1ат.

Мамэ и жагъуэ хъун псалъэ

Щхьэ си жьэм къыжьэдэк1ат?

Сэ шыгъушыпсып1эм сыхэлъу

Жэщ к1ыхьыр езгъэк1уэк1ат,

Си псэм щыщ хъуауэ къысхэлъым

Сэ, дауэ сегуэуэк1ат?

Анэгухэм нэхърэ нэхъ п1ащ1э,

Нэхъ махэ умыгъуэтын.

Зы мыхьэнэншэу къыпщыхъури,

Яхуохъур ахэм удын.

Дахущывгъэт нэхъ гумащ1эу

Анэхэм дахуэвгъэсакъ.

Сэ псалъэ жагъуэ жыс1ар зэ,

Зезгъэ1этауэ си макъ

Тенауэ, къупщхьэ къысф1эщ1у,

Иджыри ф1элъщ си тэмакъ.

***Мыкъуэжь Анатолэ.***

**Егъэджак1уэ: Сэ сыкъыфхуеджэнщ ди къуажэдэс Гъажэ Ленэ и анэ Лела хуиуса усэм.**

Си анэ

Сысабиихук1э уэ си гум

Удын ебдзыну плъэк1акъым

Уи ф1ыгъэ,гуапагъэм,уи нэгум

Ф1эк1 си гум зыри къинакъым

Узимы1эжми сыплъохъур

Сыхоплъэ блэк1 пшэ хужь дахэм

Абы ухэту къысщохъур

Си анэ,щхьэ упсэмахэт?

Жэщым сопщ1ыхьри согуф1э

Нэху щам дунейр сщоунк1ыф1ыр

Сэ уи уэсятк1э собжьыф1э,

Гъащ1эм хызохыр нэхъыф1ыр,

Сэ сыпсэухук1э си гъащ1эр,

Есхьэк1ынущ ууейм и къуэпсу,

Гуф1эгъуэси1а мымащ1эр,

Иджы щ1ызюгъэк1 гуауэ нэпсу

Уэузи1эжкъым,си анэ,

Нобэ сэ уэ сыпхуэныкъуэщ

Сок1ур иджыри гъуэгуанэ

Си гур иджыри мэлъыхъуэ

Иджы гупит1ми анэм ехьэл1ауэ нобэ фызэдэ1уа усэхэм къыхэфха псалъэхэр,фэ езыхэм анэхэм яхуэгъэзауэ фи гум къыщыуша псалъэ дахэхэмк1э мы жыгыр дыблэнщ.

**Урокыр къызыщ1экъуэжын.**

**Къеблэгъахэм псалъэ етын.**